

Sa pou Fè pou Blesi nan bouch

What to Do for Mouth Sores – Haitian Creole


Blesi nan bouch kapab se yon efè komen tretman kansè. Ou ta ka gen doulè, oswa ti blesi oswa ilsè kapab fòme. Blesi sa yo ou gen nan bouch ou kapab vin enfekte epi yo kapab senyen. Yo souvan grav apre yon peryòd tan epi yo kapab lakòz ou gen anpil doulè. Yo kapab fè li difisil pou ou pou manje, vale, bwè, oswa menm pale.



Sa pou chèche

Blesi nan bouch ki ka wouj oswa yo ka gen ti tach blan nan mitan yo. Blesi sa yo kapab bay anpil doulè oswa yo kapab fè ou mal. Lè w ap kraze manje nan bouch ou, oswa yo kapab fè ou santi tankou ou gen yon malgòj. Blesi yo ka senyen oswa yo ka vin enfekte.

- Ti ilsè, kote ki anfle, oswa senyman nan bouch, sou jansiv yo oswa nan oswa anba lang lan
- Yon pelikil oswa tach blan oswa jòn oswa pi nan bouch la oswa nan lang lan
- Plis flèm nan bouch la pase nòmal
- A sansasyon sechrès, brili, oswa doulè lè ou manje sa ki cho ak sa ki frèt
- Brili lestomak oswa endijesyon



Kisa ki lakòz blesi nan bouch sou moun ki gen kansè?

Se chimyoterapi, terapi medikaman sible ki kapab lakòz moun ki gen kansè gen blesi nan bouch, moun ki gen kansè kapab gen blesi nan bouch tou akòz imino-terapi, ak kèk tretman avèk radyasyon nan tèt la ak nan zòn kou a. Lòt bagay ki ka lakòz blesi nan bouch tou: sèten enfeksyon, dezidratasyon, move swen bouch la, terapi avèk oksijèn, itilizasyon alkòl oswa tabak, oswa yon mank sèten vitamin oswa pwoteyin.



Tchekòp dantè ak swen bouch

Tchekòp dantè anvan tretman, epi espesyalman devan tèt la ak kou a radyo-terapi, kapab ede evite ak redui blesi nan bouch. Dantis yo kapab montre ou fason pou pran swen bouch ou. Yo kapab trete kavite oswa enfeksyon yo nan bouch ou tou anvan tretman kansè a kòmanse. Li enpòtan

pou pale avèk ekip swen kansè ou konsènan pi bon tretman an pou sitiyasyon ou.

Bon swen bouch kapab ede redui risk pou gen blesi nan bouch. Sa kapab ede anpeche blesi nan bouch ou vin move anpil. Si ou itilize yon bwòs-dan mou sa kapab ede kenbe bouch ou pwòp epi redui risk pou pran chòk nan jansiv ou yo ak nan mize bouch ou.

Kòmanse pran swen bouch ou anvan li vin gen blesi. Si bouch ou vin gen blesi, bon swen bouch la kapab ede anpeche li vin enfekte.



Sa ou kapab fè si ou gen blesi nan bouch

Pou pran swen bouch ou

- Itilize yon rens bouch ekip swen Kansè ou sijere ou.
- Bwè omwen 8 goblè likid chak jou, si ekip swen kansè ou di yo dakò pou fè sa.
- Sèten kalite rens bouch kapab ede kenbe bouch ou pwòp epi yo kapab ede soulaje malèz la. Ekip swen sante ou ta ka rekòmande rens bouch ki gen antibyotik oswa estewoyid pou ou si blesi ou genyen yo nan bouch ou ba ou anpil doulè oswa si yo vin enfekte.
- Mande si ou ka itilize fil dantè nan dan ou.
- Si ou mete fo dan, ekip swen sante ou ka mande ou pou retire ak netwaye yo nan mitan repa yo sou yon peryòd tan regilye, epi pou konsève yo nan yon beny netwayaj.
- Kenbe lèw ou imid avèk vazlin, yon bom modere pou lèw, oswa bè kakawo.
- Lè ou gen doulè, pran medikaman ou yo pou doulè a selon enstwiksyon doktè a.

Lè w ap manje

- Manje sa ki kou, imid epi l fasil pou vale.
- Evite manje sa ki sale anpil, sa ki gen anpil epis oswa sa ki sikre anpil.
- Manje ti repa yo, souvan sa ki fad, imid ak sa ki pa gen epis. Pa manje legim ak fwi kri, oswa lòt manje ki di sèk, kridoub tankou tchips oswa bretzèl.
- Evite bwè ji ak ji fri ki gen asid, tankou zoranj, chadèk ak tomat. Ji sa yo kapab irite bouch ou.
- Evite bwason gazez, alkòl ak tabak.

Pale avèk ekip swen kansè ou si

- Ou gen kote ki wouj nan bouch ou ki dire plis pase 48 èdtan.
- Ou gen lafyèv. Mande ekip swen kansè ou ki tanperati yon lafyèv ye.
- Ou gen jansiv k ap senyen.
- Ou remake nenpòt kalite koupi oswa blesi nan bouch ou.
- Ou gen tach blan nan lang ou oswa andedan bouch ou.

- Ou gen pwoblèm pou manje oswa pou kraze manje nan bouch ou oswa pou bwè likid pandan 2 jou.
- Ou gen pwoblèm pou pran medikaman ou yo akòz blesi ou gen nan bouch.

Tretman blesi nan bouch

Plis rechèch nesèsè pou jwenn pi bon tretman pou blesi ak doulè nan bouch. Bon swen bouch ak rens bouch yo itil pou pifò moun. Pou lòt moun yo, rediksyon dòz tretman an, chimyoterapi, oswa terapi avèk lazè ka bese risk pou yo gen blesi nan bouch oswa ede yo avèk gerizon.



Pale avèk ekip swen kansè ou.

Fè ekip swen kansè ou konnen chanjman ou remake nan bouch ou, tankou si ou pa kapab manje oswa bwè pandan 2 jou, ou gen lafyèv, oswa doulè grav. Fè yo konnen sa ki fè blesi nan bouch ou vin grav oswa soulaje.



Pou jwenn enfòmasyon ak repons sou kansè, ale sou sitwèb Sosyete Ameriken pou Kansè (American Cancer Society) **cancer.org** oswa rele nou nan nimewo **1-800-227-2345**. Nou la lè ou bezwen nou.